

Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPZISYON NAN BIDJÈ EKZEKITIF ANE FISKAL 2020 POU RANFÒSE SEKIRITE BIS LEKÒL

*Otorize kamera bra arè sou bis lekòl ak ogmante kontravansyon pou double yon bis lekòl*

*Mande pou elèv mete senti sekirite sou bis lekòl*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse nouvo pwopozisyon pou Bidjè Ekzekitif ane fiskal 2020 li an pou ranfòse sekirite elèv nan bis lekòl. Pwopozisyon konplè Gouvènè a ta pral otorize distri lekòl yo pou enstale kamera sou bra arè bis lekòl yo, ogmante kontravansyon pou double yon bis lekòl ki kanpe epi ekzije elèv yo pou yo mete senti sekirite sou bis lekòl. Pwopozisyon sa yo konstwi sou lidèchip Gouvènè a nan asire sekirite elèv ak modènize lwa sou sekirite lekòl.

“Sekirite timoun elèv lekòl nan New York se premye priyorite nou epi chofè iresponsab ki met timoun nou yo andanje dwe rann kont”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Otomobilis gen yon responsablite pou yo pote atansyon ak obeyi lalwa, espesyalman lè y ap kondwi touprè bis lekòl, epi mezi sa yo pral ede asire elèv yo ale ak soti lekòl ansekirite epi ede evite trajedi ki pa nesesè.”

Nan New York, apeprè 1.5 milyon elèv monte bis lekòl pou ale ak retounen soti lekòl chak ane. Menmsi si li ilegal pou double yon bis lekòl ki kanpe, nan kad Operasyon Arè Sekirize (Operation Safe Stop) nan Avril 2018 - yon jou kote lapolis te sible kontravansyon pou double yon bis lekòl ki te kanpe - plis pase 850 moun te iyore lwa a epi yo te resevwa kontravansyon. Lè yo aplike sa a 180 jou lekòl, yon moun double yon bis lekòl ki kanpe 150,000 fwa pa ane, ki mete andanje sekirite timoun lekòl.

Pou asire elèv rete ansekirite lè yo pral ak lè y ap tounen soti lekòl, Gouvènè a ap pwopoze pou distri lekòl yo enstale kamera bra arè, ki ta pral dokimante ak anrejistre double ilegal kont bis lekòl, epi bay yon tikè ankonsekans pou ka sispann konpòtman sa a pou tout bon. Kòm yon dekourajman anplis, pwopozisyon an ta pral ogmante kontravansyon pou double yon bis lekòl ki kanpe pou ka kontinye ogmante sekirite elèv. Anplis, Gouvènè a te prezante yon pwopozisyon ki ta pral ekzije pou elèv mete senti sekirite anndan bis lekòl.

Nan kontinye ak refòm sekirite etidyan ki pwopoze nan Bidjè Ekzekitif Ane Fiskal 2020 an, Gouvènè Cuomo resaman te anonse yon pwopozisyon pou fòmèlman remete pwogram kamera vitès nan Vil New York epi plis pase double kantite zòn kote kamera yo ta pral enstale pase nan 140 pou rive nan 290. Kamera vitès se yon metòd konfime pou non sèlman redwi aksidan machin, men amelyore to chans sivi nan zòn lekòl. Apre

Sena ki te gen majorite Repibliken te bloke pasaj lejislasyon ki ta pral ka pèmèt pwogram lan kontinye nan 2018, Gouvènè Cuomo te deklakre Eta Ijans kòm yon mwayen tanporè pou retabli pwogram lan.

An 2016, Gouvènè Cuomo te modènize lwa sekirite lekòl pou ogmante sekirite elèv. Lwa aktyalize yo te ekzije pou distri lekòl yo deziyen yon pwon kontak nan ka ijans, ogmante ekzijans fòmasyon pou fakilte ak staf epi aktyalize ekzèsis sekirite pou enkli evènman eta ijans.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)